

## DUHAGURUKIRE AMAHORO N'UGUSUBIZA HAMWE

Ibishikirijwe bijanye n'ibihe Uburundi buriko buracamwo, RUSAMA, 2015

« Turahakanye ingwano, amatati n'indyane z'ubwoko bwose n'icozitera ico arico cose, iyo akaba ari intahe yacu kw'isi yose.

George FOX, 1660.

Nka rimwe mu mashirahamwe agize umugwi w'amashirahamwe y'Abagenzi (Quaker), turahagaritswe umutima cane n'ibihe uburundi buriko buracamwo. Turababajwe n'abo twabuze n'abakomeretse, tukongera tukababazwa n'abarundi barenga ibihumbi ijana (100.000) bahunze igihugu mu ndwi ziheze. Ukwizera kwacu kutwigisha kwubaha umuntu wese kukatwigisha kandi ko amahoro ashoboka no mubihe vy'amagume bitoroshe na gato. Igikorwa cacu kw'isi gituma twizera y'uko abantu bashobora kuja hamwe, bagatorera inyishu amatati abatandukanya.

Mu binjana bine biheze, umuryango w'aba Quakers waragize uruhara mukugarukana amahoro kw'isi. Ishengero ry'abagenzi ryo mu Burundi rimaze imyaka mirongo umunani rivutse (80 ans) riyiyemeje kubakira abana bose b'Imana kazoza keza, aho bashobora gukirira hamwe kandi bakabaho bashira hamwe. Ibikorwa vya mbere vy'uwo murwi w'abizera (Quaker) vyabaye mu bisata vy'amagara y'abantu n'indero. Mu myaka miron-go ibiri (20 ans) iheze naho, ibikorwa vy'ishengero ry'Abagenzi vyahagaze cane cane ku kuvura ihahamuka, gusubiza hamwe, hamwe n'ugukingira amatati.

Turazi y'uko impinga ikiri ndende kugira ngo Uburundi buve mu bihe bigoye, n' abako-ra kugira ngo Uburundi buje mu nzira y'amahoro n'ubutungane bashigikirwe. Twizeye ko mugiyeye kwifatanya na twe mu gusengera Uburundi no mu kuzirikana iviyumviro abagenzi biyumvira ko ari ngira kamaro.

Ivyiyumviro bikwirikira n'ivyo twashitseko :

*Ubwambere* : Birakenewe ko umwe umwe wese avavanura n'akabi, akitaho gutorera inyishu ibihe bigoye biciye mu mahoro. Iyo nyishu yotuma abarundi bose bitaho kazoza k'igihugu cabo, bagatsimbataza ugusubiza hamwe gushinze imizi.

*Ubwakabiri* : Turashimikiye ku ruhara ntangere rw'ibiganiro. Ni ivy'agaciro ko imigwi idasangiye iviyumviro yicara hamwe igaharira hanyuma igaheza igatora inyishu yumvikanyweko na bose.

*Ubwa gatatu* : Twihweje ko abarundi benshi bari mu mubabaro, turateye akamo imigwi yose ifitaniye amatati ngo yiteho ineza y'igihugu, ariko ntirabe inyungu zayo.

Mu kurangiza, igikorwa cacu catumye twizera ko gutorera inyishu ibihe bigoye nk'ivyo igihugu cacu kiriko kiracamwo ari ikintu gihambaye. Ariko, igikorwa co gutsimbataza amahoro nyakuri, ni igikorwa kitoroshe kandi co kwamizako.

Turasavye rero umwe wese ngo arabe ingene yoshigikira ugukinga amatati muri iki gihe, yongere arabe ingene yotsimbataza amahoro mu mezi n’imyaka biri imbere.

Twifataniye n’abagenzi b’Uburundi, turasavye abantu bose bizera kubandanya basen-gera Uburundi, kandi tubibukije ko Imana ishobora gukiza. Turabasavye mwifatanye na twe mugushigikira inyishu ya politique, abarundi bo nyene bokwitorera, irinda ubwi-canyi kandi ijana ku mahoro ashitse n’ubutungane kuri bose.

Nk’uko ijambo ry’Imana ribidusaba mu ba Heburayo 10:24 “Kandi twiyumviraneko ku-gira ngo turwane ishaka ryo gukundana n’iry’ibikorwa vyiza”

Tuzobandanya dusengera abarundi bose, twongera dushigikira igikorwa c’abarwanira amahoro.

*African Great Lakes Initiative of Friends Peace Teams*  
*American Friends Service Committee*  
*Friends Committee on National Legislation*  
*Friends United Meeting*  
*Friends World Committee for Consultation*  
*Quaker Peace Network Africa*  
*Quaker Peace and Social Witness*  
*Quaker Service Norway*  
*Quaker United Nations Office, New York*



AGLI  
Friends Peace  
Teams



**American Friends  
Service Committee**



FCNL



Quaker Peace &  
Social Witness



**QUAKER SERVICE  
NORWAY**  
KVEKERHJELP



**QUNO**